



**SANT LISANS DEPATMAN
PWOTEKSYON KONSOMATÈ AK
TRAVAYÈ VIL NEW YORK
(DEPARTMENT OF CONSUMER AND
WORKER PROTECTION, DCWP)**
42 Broadway, Lobby
New York, NY 10004

**Sou Randevou Sèlman Èdtan
Fonksyonman:**

Lendi, mèkredi: 8 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

SANT SIPÒ TI BIZNIS NAN NYC
90-27 Sutphin Blvd, 4th Floor
Jamaica, NY 11435

**Sou Randevou Sèlman Èdtan
Fonksyonman:**

Madi, jedi: 8 a.m. – 4 p.m.
Dènye randevou: 3: 30 p.m.

ALÈT COVID-19

Pou rezon tankou lasante oswa sekirite, Sant Lisans DCWP an ansanm ak Sant Sipò pou Ti Biznis nan Vil New York pa ka bay sèvis pou kliyan san randevou yo, men ou kapab planifye yon randevou pou remèt aplikasyon lisans ou an pèsòn. Gade nan seksyon **Pwosesis pou Depoze Aplikasyon** an.

Remak: Paske sèvis fas-a-fas lan limite, nou ankouraje ou pou ou itilize sèvis anliy nou an ki disponib 24 sou24, 7 jou sou 7 nan nyc.gov/BusinessToolbox.

Lis Verifikasyon Aplikasyon Lisans Vandè Atik Dezyèm Men

Kiyès ki Dwe Gen yon Lisans Vandè Atik Dezyèm Men?

Yon moun oswa yon biznis k ap achte oswa vann atik dezyèm men, ki diferan ak machin nan vil New York lan dwe gen yon lisans Vandè Atik Dezyèm Men.

Deskripsyon sila a se yon eksplikasyon jeneral kiyès ki dwe gen yon lisans Vandè Atik Dezyèm Men.

Franchiz: Moun k ap vann atik yo gen andedan kay yo ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi pa oblije gen yon Lisans Vandè Atik Dezyèm Men.

Lis Rapid Egzijans pou Aplike pou yon Lisans Vandè Atik Dezyèm Men

Ale nan seksyon Kondisyon (Egzijans) yo pou ou jwenn eksplikasyon ak plis detay. Fè si ou respekte tout kondisyon (egzijans) yo; sinon, aplikasyon w lan p ap konplè. DCWP ka aksepte sèlman aplikasyon ki konplè yo sèlman pou li ka bay lisans.

- Aplikasyon Debaz pou Lisans
- Nimewo Idantifikasyon pou Taks sou Lavant OSWA Nimewo Konfimasyon Aplikasyon
- Kopi Kontra Ranbousman \$1 000 dola, ki siyen jan sa dwe fèt la.
- Anprent ak \$75 dola Frè pou Pwosesis pa Tèt.
- Otorite pou Aji - Atestasyon (si sa aplikab)
- Frè pou Lisans

Lè w ap soumèt aplikasyon w lan sa pa vle di lisans ou an apwouve otomatikman.

Lòt Pèmi/Lisans/Otorizasyon Ou ta Kapab bezwen nan Vil lan oswa Eta a.

Si oumenm oswa biznis ou an planifye pou vann telefòn, ekipman odyo, ekipman videyo, ekipman fotografi, òdinatè oswa ekipman pou òdinatè, oswa kalkilatis, sa kapab rive yo mande pou ou gen yon lisans *Magazen Aparèy Elektwonik DCWP* bay.

Si oumenm oswa biznis ou an planifye pou repare oswa bay sèvis, aksepte pou fè reparasyon oswa bay sèvis lan yon lòt kote, aparèy elektwonik epi/oswa aparèy pou kay, ou dwe gen lisans *Revandè Sèvis Aparèy Elektwonik ak Aparèy pou Kay DCWP* bay.

Si oumenm oswa biznis ou an planifye pou prete lajan oswa prete lajan sou byen pèsònèl, ou dwe gen yon lisans *Pretè sou Gaj DCWP* bay.

Si oumenm oswa biznis ou an planifye pou vann, achte, oswa aksepte fè echanj machin dezyèm men yo, ou dwe gen yon lisans *Vandè Machin Dezyèm Men DCWP* bay.

Pwosesis pou Depoze Aplikasyon



Ale sou www.nyc.gov/BusinessToolbox pou soumèt aplikasyon an anliy lè w ap itilize yon laptop oswa yon òdinatè sèlman.

OSWA



Planifye yon randevou pou ranpli li fas-a-fas nan Sant Lisans DCWP an oswa nan Sant Sipò pou Ti Biznis nan NYC (adrès yo nan paj 1 an).

Nan imèl: LicensingAppointments@dca.nyc.gov

Nan Telefòn*: Rele nan (212) 436-0441. (Lendi pou Vandredi, 8 a.m. a 4 p.m.)

*Nimewo sa a se pou pran yon randevou pou sèvis fas-a-fas sèlman. Pou tout kalite kesyon ekri nan imèl sa onlineappsdocs@dca.nyc.gov.

Sèvis Entèpretasyon Gratis Anliy yo disponib sou plas. Pou fè yon demann akomodasyon ki gen pou wè ak andikap tanpri ekri yon imèl bay Kowòdonatè Lwa pou Ameriken ki Andikape yo pou DCWP (ADA oswa Americans with Disabilities Act) la nan humancapital@dca.nyc.gov oswa al gade nan nyc.gov/dcwp epi chèche "aranjman".

Mesaj Enpòtan sou Sètifika Biznis

Ou dwe gen yon Sètifika Biznis ki aplikab ki baze sou estrikti jiridik biznis ou an. Menm si DCWP pa egzije w soumèt yon Sètifika Biznis nan objektif pou kontinye pwosesis aplikasyon w lan, DCWP ka mande w dokiman sila a dapre Seksyon 20-104 nan Règleman Administratif Vil New York la.

Pwopriyetè endepandan ki ap fonksyone ak yon non ki diferan ak pa w la dwe gen yon Sètifika Biznis/Non Komèsyal.

Patenarya yo dwe gen yon Sètifika Patenarya epi, si sa aplikab, yon Sètifika Non Komèsyal pou biznis ou an.

Sosyete yo, Sosyete Non Kolektif yo, Konpayi Ak Responsabilite Limite yo, Patenarya Ak Responsabilite Limite yo dwe anrejistre epi rete aktif nan Depatman Antrepriz Eta New York (New York State Division of Corporations). Ou kapab tcheke nan ki pwen aplikasyon ou an rive nan www.dos.ny.gov/corps.

Kondisyon (Egzijans)

DCWP p ap aksepte aplikasyon w lan si ou pa remèt dokiman ak enfòmasyon yo mande yo:

- **Aplikasyon Debaz pou Lisans** (atachman).
- **Nimewo Idantifikasyon pou Taks sou Lavant OSWA Nimewo Konfimasyon Aplikasyon.**
Pou ou ka aplike pou yon Sètifika Otorizasyon nan objektif pou jwenn Taks sou Lavant yo, ale sou www.businessexpress.ny.gov.
- **Kopi Kontra Rekouvremant \$1 000 dola, ki siyen jan sa dwe fèt la.**
Kopi rekouvremant an dwe deziyen Vil New York lan antanke Detantè Sètifika a. Gen menm non konpayi a, non Doing-Business-As (DBA) (si genyen), ansanm ak adrès batiman an dwe menm lan nan tout dokiman yo. Ou dwe soumèt yon kopi resi kontra kolèk dèt lan ki montre kredi an te peye totalman epi li p at ekspire anvan fen peryòd lisans lan.

Yon lis konpayi kolèk dèt yo disponib nan nyc.gov/dcwp. Rechèch "konpayi kolèk dèt" yo. Lis ki sou sitwèb DCWP a pa detaye, epi DCWP an pa apwouve oswa rekòmande okenn konpayi kolèk dèt an patikilye.
- **Anprent ak \$75 dola frè pwosesis.**
Yon pwopriyetè endepandan, yon asosye jeneral, dirijan konpayi, direktè, manm yo, ak tout aksyonè ki gen plis pase 10% nan aksyon konpayi a dwe fè anprent nan Sant Lisans DCWP an (adrès la nan Paj 1 an). Pote youn nan fòm Idantifikasyon sa yo:
 - Lisans pou kondwi oswa yon idantifikasyon ki pa yon Lisans pou kondwi nenpòt Eta Etazini bay.
 - Lisans oswa pèmi yon ajans gouvènman an te ba ou
 - Paspò
 - Kat Rezidans
 - Yon Kat Idantite Anplwaye Meri a, Eta a oswa administrasyon Federal la.
 - Kat Idantite Minisipal

Ale verifye enfòmasyon pou peye yo nan seksyon Frè Lisans yo.

- **Otorite pou Aji - Atestasyon, si sa aplikab** (attachman). Obligatwa si yon lòt moun olye moun ki fè demann lisans lan dwe prepare epi soumèt aplikasyon sa a.

Remak: Aplikan an dwe siyen aplikasyon lisans lan ansanm ak tout lòt fòm ki gen rapò yo.

- **Frè pou Lisans.**

Peryòd Lisans: 2 Lane	Dat Ekspirasyon: 31 jiyè Ane Enpè	Frè pou Lisans:	
Si ou Depoze Aplikasyon Ou an Nan Dat Sa Yo:		Opsyon 1:	Opsyon 2:
Apati 1ye dawou nan yon ane enpè jiska 31 janvye nan yon ane pè		Peye \$340 pou yon lisans ki ekspire 31 jiyè nan lòt ane enpè a. <i>(Valid pou pi plis 24 mwa.)</i>	
Apati 1ye fevriye nan yon ane pè jiska 31 dawou nan yon ane pè		Peye \$255 pou yon lisans ki ekspire 31 jiyè nan lòt ane enpè a. <i>(Valid pou pi plis 18 mwa.)</i>	
Apati 1ye dawou nan yon ane pè jiska 31 janvye nan yon ane enpè		Peye \$170 pou yon lisans ki ekspire 31 jiyè nan lòt oswa menm ane enpè a. <i>(Valid pou pi plis 12 mwa.)</i>	
Apati 1ye fevriye nan yon ane enpè jiska 31 dawou nan yon ane enpè		Peye \$85 pou yon lisans ki ekspire 31 jiyè nan menm ane enpè a. <i>(Valid pou pi plis 6 mwa.)</i>	Peye \$425 pou yon lisans ki ekspire 31 jiyè nan ane enpè a ki vini aprè a. <i>(Valid pou pi plis 30 mwa.)</i>

Peye avèk:

- Chèk oswa manda postal (money order) bay DCWP. *(An pèsòn)*
- Kat Kredi (Visa, MasterCard, American Express, Discover Card sèlman). Ou dwe peye yon Frè Dosye yo p ap Ranbouse ou. *(An pèsòn oswa anliy)*

Lòt Resous pou Vandè atik Dezyèm Men yo

- Pou konnen lwa ak règ ki kapab aji sou biznis ou an, al gade nan **nyc.gov/BusinessToolbox**.
- Pou **Lis Verifikasyon Enspeksyon: Vandè Atik Dezyèm Men**, al gade nan **nyc.gov/BusinessToolbox**.
- Pou jwenn enfòmasyon ki pou ede biznis ou an louvri, fonksyone, ak grandi, al gade nan **nyc.gov/business**.